

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.

di Tjandioer
Bestuur Pasoendan
Tjandioer.

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batavia
SOERIADIRADJA.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dituluk di Drukkerij soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjamiz.

Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

Abtenaren verordening Provincie Pasoendan.

Dina ngenetan hal ambteneren verordening Pasoendan dina Prov. blad No. 1 bijvoegsel No. 2 kanjahean jen pikeun ambtenaren noe lain bangsa Eropa tina hal Binnenlandsche verloven hoofdstuk XIV.

Verlof sakeudeung ka tempat-tempat loear tanah Hindia hoofdstuk XV.

Verlof ka Eropa hoofdstuk XVI dianak tereken pisan.

Ambtenaren Eropa djeung Inlander anoe disaroakeun, diberi sggala hak-hakna, tapi ambtenar lain bangsa Eropa stawa Inlander noe teu disaroakeun tea maha, teu meunang eta hak-hak aice sakito raraesna teh, njeta anoe aboes kana schaal B, statwa C.

Tjindekna mah kieu: Ambtenaar Inlander mah koedoe astengah mati digawea soepaja bisa ngajukan pagewaanana erang Asing atawa Indo teh, tapi waktoo pikeun reureuh sangkan badan djeung pikirau waras menulis digawe satengah pash teh teu dibere.

Ieu hal pikenn Inlander, Ambtenaar babakoena, sarta nemomena pikeun erang pribomi noe rea, teu adil, lantaran koe digawe satengah modar teh teroh kana djompona, badan djeung pikiran hamq, kapake, aihuna nya tetep aja di handap.

Tjeuk pamanggih koering maha, aja djaluan madia, anoe moal aja njisikoe-di, koe-njeuna atoeran-verlof-pikeun Inlandsch Ambtenaar seperti sangeue digawe 6 atawa 8 taen dibere verlof.

Oepama ngeunaakeun tatandingan (schaal A, B djeung C) dina meunang pangaihoe anoe biasa tingali Stbl. J926 No. 550 njeta 30, 25 djeung 20 taen at. 6:54, djadi Inlandsch ambtenaar boga hak 4/6 X 6 boelan = 4 boelan verlof.

Verlof ka Eropa pikeun sawareh ambtenaar anoe aboes kana B djeung C perloe, njeta pikeun ngalocaseun pamandangan, soepaja bisa njaroezaan panemoena ka sasamana bangsa Eropa tea.

Atoeran, anoe ditetepkeun, pikeun Inlander anoe njekel pagawean bangsa Eropa, anoe henteu dibere verlof ka Eropa, tjeuk pamanggih koering koe lantaran ajana Indisch Burgelijk Pensioen reglement stbl. 1926 No. 550 art 2.

Kapan tjeuk palangeran oge: „Pikeun ambtenaar anoe dimaksoed koe ieu artikel alinea ka I, stbl. 1892 No. 235 njeta anoe asoep kana atoeran, anoe dimana pangaihoe, dianggap saperti Europeesche Burgelijke Ambtenaren di Hindia Nederland.“ Ajeuna koe lantaran aja unifikasi tea ajuna Indische penaoenreglement teu dijalankun deui.

Inlandsch ambtenaar ajeuna maha pada major contributie pikeun pangaihoe, lila-lila oge tangtoe koedoe miloe deui major oeroenan pikeun Weduwen en Weezefonds, djeung major sakbeh padieg-padieg.

Nan sababna hak verlof ka Eropa stawa lverlof anoe dimaksoed tadi teu dibere.

Meureun aja noe njempad moen didjalankun atoeran biu, pisakemahaeun teuing reana Iul. ambtenaren anoe dibere hak, tada teuing gedena ongkos pikeun Goepernemen.

Ieu tjempadan henteu matak robah kana pamentana Iul. ambtenaren anoe ssadil-adilna. Lantaran moal bisa moengkir deui kana hakna koedoe dibere verlof tea maha, ngan lebah reana piongkuunenana mah enju Gemeente Batavia djeung Locale re-

KARANGAN adresan ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISEL sareng serat noetane deui ka ADMINISTRATIE Stationsweg 33 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sareh. . . . f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Pangas ADVERTENTIE:

1/16 katja f 2,50 }
1/32 " f 1,50 }
Sakali mocrat
Langganan langkoeng mirah.

sorten anoe sedjan maha, ngajakenpatoe-rangtoerao, pikeun pagewa-bintabing sa Eropa teh, njeta noerettekeun, kadijan tea, tingali Prov. blad No. 12 ddo. 1 November '26 katja 297 djeung 298.

Tjeuk pamanggih koering soepaja elah heurat teuing ongkosna pikeun Gouvernement at. Provinsie, taja lian gan koedoe duatoer deui pikeun Europeesche ambtenaren soepaja digrawen aeh sanggesus 8 taoen kakara diberena verlof.

Geuning tjeuk atoeran heubel oge sbl. 1892 No. 235, Europeesche ambtenaren teh bisana verlof saungeus 10 taoen digawe, ketambah waktos harita mah ongkok, tetjan pati rea anoe daekeun saperti ajeuna.

Hakna meanang verlof ka Eropa, saungeus digawe 8 taoen teh pikeun saheulaanan, bareto oge waktoo ka-

koering pagawe dina nambah ambtenaren oesoem maha. Ari ajeuna mah da waktoena biasa deui, meudjeuhna eta atoeran teh ditjaboet.

Djeung deui dina waktoo-waktoo ieu mah moenggoe di Hindia geus diajakeun waterleiding listrik gas noeborkeun rawa-rawa djeung merangan malaria nepi ka tjuiting di Hindia 8 taoen teh teu kaseboet heubel teuing.

**
Hofdstuk 23.

Pangsoien pikeun Ambtenaren anoe lain bangsa Eropa.

Atoeran di Provinse Patjida beda-na djeung atoeran Goepernemen, (semikeun Stbl. 1926 No. 550.

Atoeran 'Provinse' mah ngan aja ambtenaren Eropa djeung late Eropa, ari atoeran Goepernemen mah aja schaal A. B djeung C djeung aja pangsoien tambahan = djeung tatan-dingan.

Tjeuk koering pikeun ambtenaar anoe lain bangsa Eropa di Provinse mah teu aja oentoengna, komo pikeun ambtenaar anoe asoep kana schaal B atawa C.

Miske atoeran Goepernemen teh hade tjenah soepaja beres djeung aja sasaroaneana Hoofdstuk anoe sedjan dina atoeran Prov. Ambtenaren verordening teu kapanggih pikeun njempadna.

Ponggawa B. B. djeung Raad Kaboepaten.

Poegoeh oge hiroep di alam doenga teu karingrang, kieu tea kitoe tea, sagala matak kgok, eta bae geura, oepama erang henteu daek miloe tjampoer atawa miloe njaritakeun oeroesan bagbagan paparentahan kawagurasan, madjar teh Non-Cooperator tjenah, malah make dibaidkeun djeung disiuslar sagala.

Ari miloe njaritakeun sarta nemongkeun kahejang djeung tjita-tjita erang, sok ngarasa heuri koe letah, sok ahenteuna nya aja bae ari noe njebotkeun panjererowidan maha. Ari anoe poegoeh maha, nya eta tea bae, doekeh di lemah tjal erang tetjan aja (boga) kalsaceaan (kamerdikaan) pikeun nemongkeun ugadelkeun angan-angan djeung pipikiran.

Samemehna koering njaritakeun naon anoe djiadi angen-angen koering, rek diawalan koe kanda beula, nya eta, bini bae aja noe kasabut-sabit atawa katowei koe ieu toetoeikan, moega oelsh salah tampa, sabab koe ingetas djeung maksoed koering maha, malakmandar bae aja goenana koe sarareun anoe koemalendang dina hi-roep koemboeh erang ajeuna.

Bahaua maha ponggawa B. B. teh manggoeng djeung ngajjalankoun sagala roepi paparentahan, segala departementen koedoe koe aja perhoeboenganana djeung ponggawa B. B. teh, malah ajeuna oge, sanadjan geus aja atoeran decentralisasi nya teu boeroeng bae ari ripoe koe kawadji-an maha, nya ngoeroeskun kabistirau nya ngoeroeskun kapoelisian, meunang dieboktekeun meh teu aja perona pisan, saliana aja dina dienst bae, malah ari saenja-enjana maha masing dina pelesiran dina sare dina dahar cge kaasoop kana dienst bae. Nadjan keur sare, lamoen aja gendongan, aja katjilakaan djeung sabangsana teu boertoeng koedoe dijodogdjoe bae, teu meunang aja atoeran saungeuk atawa ongke heula, tapi koedoe prak diakonan harita keuah. Tah kitoe ka-beuratanan anoe djadi ponggawa B. B. teh.

Koemaha sjenna saenggeusna aja Raad Kaboepaten nahé eta kabeubeutrat teh ngoerangan? Hih, henteu. Malah ari saenja-enjana pisan maha djadi nambah, babakoena pisan mah ta ponggawa B. B. anoe ngarangkitep djadi lid Raad Kaboepaten, kapan di Raad Kaboepaten teh, lain ngan sina "so-moehoen dawoe sadja" ngiringan bae" (Just- Cort) tapi sina nienbang djeung ngoempoleukeun roepa katerangan anoe ngantet djeung perkara-perkara Raad Kaboepaten, ari kasarna mah koedoe dijodogdjoe bae. Tah, anoe mutak tjeuk koering maha djadi nambah kateubeureuk ka ponggawa B. B.

Moenggoehing ponggawa B. B. anoe dipilih atawa anoe dibenoem kana lid Raad Kaboepaten, kawas hese pidjalmawana aja sene wani nampik, nadjan geus katodong karipoehanana. Ari koe kitoe tea mah meurenn koe erang oge kama'loem, nya doeka tening ari aja heum djeung harewos maha, koering teu terang. Perkara ieu mah kawasna ngan kiesmnroe leuwih terang.

Pondokna tjarita, ari koe kahajang maha, anoe geus beurat koe kawadji-an maha, anoe geus beurat koe kawadji-an oelsh dibroegbroegan bae.

Kawasna bae, ana leuwih octama lamoen pamarentah ngajakeun atoeran, jen ponggawa B. B. oelsh meunang dipilih pikeun lid Raad Kaboepaten, ari anoe dijai sabab nya eta:

1. Ponggawa B. B. memang geus beurat koe kawadji-anan, teu koedoe dibeungneuratan deui.

2. Somah celah ngawakilkeun so rana di Raad Kaboepaten ka djalma anoe njekel kakawasanan paparentahan dina wewengkonna.

3. Somah ngasongkeunana wakil ka Raad Kaboepaten teh celah keuna koe pangaroeh, sabab ngarasa sienu doekeh anoe djadi tjalon teh gedek kawasanaan.

4. Somah tambah ialeesa makana kalonggaran ti Pamarentah pikeun ngasongkeun wawakilna ka Raad Kaboepaten.

5. Anoe njekel paparentahan dina bidji-wewengkon (district atawa onder district) bisa djadi rada rempan nemongkeun naon kakooranganan di bawahana tea, dina gempoengan Raad Kaboepaten. (Ah! Corr.)

6. Moal aja kadjaduan tjaera ajeuna, diantara lid djeung ahoi djadi Voorzitter Raad Kaboepaten, aja kaseboetna pernah doekeh.

7. Lid anoe perenahoe doekeheng ka anoe djadi Voorzitter, kawas rada hese pidjalmawana anoe wani ngabantah (debit), sabab risi koe bisa rempan koe soegan, "palangsiang" saja gantar kakaitanara, koebuhan djalma sok ahenteuna nya aja bae.

8. Djeung rea-reu deui anoe djadi

sabab djaba ti eta.

Raud Kaboepaten anoe aja ajeuna, nya eta Raad Kaboepaten anoe mimeti, meunang diseboektekeun mitembejan keneh, tapi sanadjan djareogdjag-djarigdjeg oge sakito maha, bisa diseboektekeun mokaha oge, ngan tatjan aji nepi ka sampaerna pisau maha.

Kareresanana somah, tatjan bisa ngarasakeun amis pelemna beubeuna-ngacana Raad Kaboepaten teh, ngan kawasna bae, ari kana pait peuhurna mah geus rea anoe bisa ngarasakeun.

Tjeuk saha?
Koering inget kane maksoenda G. G. hajang moelangkenn deni kaper-tjaanaan somah ka Pamarentah. Nia kitoe deui Pamarentah hajang digawe babarengan djeung sorah (pagoeban) tina bab ngajeuk daheujeuh ngolah nagara.

Koering bisa nangtoekun, lamoen Pamarentah daek ngarobah atawa narioengssem atoeran milih Raad Kaboepaten nya eta tjaera anoe diseboektekeun koe koering dilokoer, oriah mere kalonggaran ka ponggawa B. B. anoe njekel kakawasanan dina hidji wewengkon pikeun djadi lid Raad Kaboepaten, tangtoe pisan kapertjaja-anana somah gantjang balik deui, saekoemaha anoe dipimaksoed koe G. G. tea.

Sanadjan ponggawa B. B. henteu djadi lid Raad Kaboepaten oge, koering pertaja sarta jakin, jen B. B. djeung Raad Kaboepaten milih nepi ka pipisahan anoe anggang, tangtoe bae aja patalina, sabab anoe djadi Voorzitterna Bopati.

B. B. djeung Raad Kaboepaten henteu suggang sarta baa digawe bataiengan, memang geus kitoe koedoe sabab deukeut perhoeboenganana.

Ringesna mah ponggawa B. B. henteu bisa ngadioekan korsi Raad Kaboepaten teh, koedoe aja katang-toeanan tjaera ponggawa Gemeente teu meunang djadi liu Gemeente Raad.

Kana waltona pilihan Raad Kaboepaten kira-kira doea taoen deni, teu keneh tempona lamoen eta atoe ran rek disaroengsoem teh.

B. S.

Pasoendan tjabang Soerabaja (ngadaoen ngora)

Ari satadina mah djisim koering teh, ngarasa salempang pisan, doekeh Pasoendan tjabang Soerabaja parantos rada lami oge, meh teu kakeping wartosa, mani ngarasa hariwang, risi koe bisa rempan koe soegan, palangsiang djemplingna teh keteterasan. Ari simanshoreng djempling ieu teu saati, djempe ieu teu sahate-tatshar ngeotakeun organisasi.

Teu kinten bae djisim koering teh ngarasa boengahua, barang matja laporanana anoe dikirimkeun ka Hoofdbestuur Pasoendan.

Sadjana tina organisasi biasa, ajeuna koe ngarengrengan bagian kapapatenan djeung rek ngajakeun Clubgebouw.

Dina pilihan Bestuurna anoe panganjarna anoe kapiilih nya eta:

Djoeragan Kartosoebra Voorzitter
Achmad 1e Secretaris
Machmoed 2e idem

I. H. Maksoedi Penningmeeter

Commissaris:

Ti golongan S. S. Djoeragan Moesa

P. T. T. Djoeragan Wirija

C.B.Z. Wikanta

poera

N.I.A.S. Ishak

"Kaoem-Betawi" Djoera-

(*)

Di tempat-tempat anoe djaraoeh ka kota kejauing di Patjarkeling, Sidoto-po djeung di Oedjoeng rek diajaan wewengkonna Bestuur tjabang, nya eta, koe Commissaris (Correspondent).

Pasoendan tjabang Soerabaja didengkaken ti kaanggang moega loe-loe noe dimaksoed, laksana anoe disedja reugreug pagoh, djagdgaj waringkas-tjapetang tandangna dipaklangen.

Pasoendan Madjoe.

RAAD AGAMA.
Soe boeboehanana koering teh goeng-goreng oge ari koe ramasan maha, kaaos kana goiongan Islam, dijadi sabenteuna baa hajang mil

oge bepnang diseboetkeun atoeranana meh saroea bae. Ien atoeran teh geus sababaraha poeloe taoen katekang, palangsiang aja ratoen taoen, doeka ti djamian mana koering teu bisa nerangkeun.

Sagala atoeran aja robahna, noe-roetkeun kamadjoemana djaman, komo deui ajeuna mnh djaman d e m o c r a t i e tjeuh, nadian Raad naon bae oge somah koedoe pipiloeun, sarta rengrengan Raad teh djadi wawakilna somah,

Raad Agama anoe ngatoer djeung anoe moetkesun sagala perkara-perkara anoe patali djeung Agama, tpi meunang diseboetken somah mah samasakali henteu miloe tjampoor kana oeroesaa eta Raad.

Lain pisan koering henteu pertjaja ka Raad Agama anoe aja ajouna, sarta koering ngahargaan anoe pohara pisan kana dijasana sarta kana pangarutna rengrengan Raad Agama anoe ajeuna geus aja, koering pertjaja kana kahadeanana, koering pertjaja kana kaadilanana, pertjaja kana kassampernaanana sagala anoe dipotekkeun dina eta Raad, sarta koering henteu boga sangka jen rengrengan Raad Agama daek narima rjeroeba ti ditoo ti dieu. Sainsakali henteu aja sangka anoe awon, sakoer anoe parantos kadjalanan doeka teuing ari khareupna mah, boebuhan djalma sok robah-robah tea.

Koe sabab Agama teh djadi kaperloean somah, malah djadi patokan hiroep koemboeh oerang pribumi, kawas leuwih oetama oepama somah pipiloeun kana sggala atoeran Raad Agama.

Oetanana pisan mah, rengrengan Raad Agama teh dipilih koe somah, oelah tjara ajeuna ngen koelawedet kaoem bae, sarta diangkatna oge, lamoen koering teu salah tjekek koe timbangsan janoe djadi pamanggoelna bae.

Ari milihna rengrengan tea, saheulaanana mah, koedoe aja wawakilna ti oenggal pagoejoeban Agama Islam noe aja diwewengkon eta, sarta oelah aja lid (rengrengan) anoe dibenenoan kada-ka ti Voorzitterna, malah ari oetama-na pisan mau sanadjau anoe djadi Voorzitterna oge (binsana Hoofd Panghoel) nja dipilih tea bae, tpi atoeran milihna tjara atoeran milihna Voorzitter Gemeente-Raad (Burgemeester)

Ari anoe djadi kawalidjan eta Raad Agama teh, katjaba ti perkara-perkara anoe patali djeung Agama, perkara rapa (metta tolq), perkara waris, oge koedoe ngeroeskeun masjid-masjid djeung tadioeg-tadioeg di sawewengkonna, nja kitoe deui fakir-fakir anoe boga hak nampa djakat djeung pitrah, nitenan pasantren-pasantren atawa pagaeron anoe sedjen.

Koe ajana atoeran Raad Agama tjara sakoemaha anoe ditjaritakeun diloeher, bisa djadi piagam piagam goeroe-goeroe Agama lesot tina taug-geongan B-pati.

Ngangkat atawa ngalepas ponggawa masjid oge koedoe dipotoeskeun koe Raad, sarta ponggawa masjid koedoe meunang kanentengan anoe tangtue, nja kitoe deui djeoeretnae stawa ponggawa anoe sedjen pikeun kaperloean eta Raad.

Ari kabeungharanana eta Raad Agama teh, tina bebeuuangan djakat pitrah, tina oesoer, tina ipkah djeung hadijah hadijah noe sedjen.

Koe tjiptau tangtoe pisan bisa njoemponan kana kaperloeanana, dapoer oeroesaa administrasi djeung verntwoording anoe sedjen poegoeh leundjeneranana.

Lalamoenan
B. S.

ROEPA ROEPA

Panjerewedan perkara. gadjih.

Kawas moal aja anoe bireuk, komo deni moenggoeing ponggawa Gouvernement mnh jen atoeran gadib ajeuna teh, mke aja atoeran schaal ieu djeung schaal itje, malah mke aja atoeran overgangsnezoldiging sagala (gadjib paleuleuwih).

Ari atoeran gadib ajeuna teh bese pisan kahartina, takating koe rea cenak anikna, malah anoe henteu ngarti teh, lain bae cerang losar, dala anoa djadi pouggawa Gouvernement oge rea anoe pnengak-pingoek.

Koe sabab aja atoeran overgangsnezoldiging tea, tangtoe bae rea anoe

koedoea nampa tambahan gadib, dins mangsana henteu nampa doeit tambahanana tea. tapi ngan nampa besluitna bae. Djiba ti kitoe aja deui anoe narima tambahan gadib ngan nampa saparona tina biasana.

Geus loembrah pisan tjandoli anoe ngoerkeskeun kaperloean dapoer, leuwih tigin kana ugitoeng gadib teh, dina mangsana meunang tambahan geus ngarti sorangan, bok noe oenggal taoen atawa noe doea taoen sakali, noeretteun koemaha biasana bae.

Koemaha ari ajeuna, nja teu woedoe bae matak djadi panjerewedan djeung oerang dapoer, madjar teh salingkoeh tjenah. Diteubongkeun besluitna, jen aja overgang sakitoe taoenun, komo beuki teu ngarti, da poegoech oge heza khartina.

Ari toengtoenga mah, matak seuri koneng.

—o—

Gadjih dipotong koe belasting.

Tangtoe pisan koe sarerea oge kahartia, jen majar belasting teh djadi kawadjaban, sarta moal aja anoe bisa moengpang kana eta kamistian teh.

Belasting teh hoetang sataoneun koedoe dibajak dina taoen eta keneh.

Tapi koemaha ari boektina, hoetang sataoneun koedoe dibajak dina djeru 4 atawa 5 voelan, sabab datangna soerat aanslag sok katjida pisan elatua, malah sakapeung mah dina September kakara katampa, malah aja noe behuidoeuuan.

Oepama dina boelan December teu bisa ngaloesan teu, da poegoech tempo sakitoe heureutna, ana geus ngaliwat taoen, teu antaparah deui djebrod bae dipotong tina gadib, djiba djeung boetena sagala. Geus teu meunang menta ampoen deui, koedoe dipotong disakaleun bae.

Ari eta mah, perkara ngetjeblek gegelendengna anoe ujadi doenoengan geus teu koedoe ditjaritakeun deui. Nja moetoe dipotong gadib koe belasting djeung make digambreg sagala, ari basana teh moesingkeun tjenah.

Meureun sarerea oge, lain henteu niat majar, tapi heureut teuing tempona, da bungan aauslgbiljetna sok elat teuring.

Padahal naon hesena lamoen dipotong oenggal boelan tina gadib, tjara keur inajar pensioenfonds, da poegoech aja taripsa.

—o—

Saha anoe koedoe ngara-watan ???

Oenggal djalma anoe aroelin ka aloe - aloe Baudoeng tangtoe pisan manggihan-sababaraha oeraug (uepi ka aja belasna) kekere anoe ranjong maloesapir ka anoe laliwatu, lengas-leung istoo pikaroenjaeu pisan.

Tah, na matak nson lamoen djalma anoe kariteo teh-dirawatan. meureun aja keneh leuwihna tina bebeuanan ojaket djeung pitrah, sasesana tina kaperloean masjid djeung sa-ponggawan.

Kapan ari tjeuk agama mah, djakat pitrah teh keur fakir-miskin.

Naha ari kekere anoe tingdjaloprak di aloe aloe henteu kaasoep fakir kitoe ??? Asa pirakoe.

Koe wangwangao benbenungan djakat pitrah djeung pahadih anoe sedjen bisa tjoekop keur ngarawatan kekere anoe geus teu bisa oesaha pisan.

Hidji djalan kamadjoear pi-keun oerang Soenda.

Doepi kamadjoear teh koe sadajana bangsa oge teu kinten dipareuting-keunana, estoe paboro boro, sangkan djidi wangi (sobor) ngaranna, wangi bangsana, wangi taah aerna (lemah tjaiua).

Doepi djalan roepi-roepi, aja noe nembongkeun kapiuteranana tina sagala hal, aja noe nembongkeun tina pagaweanana (boeboetanana), aja noe nembongkeun tina karadjina-na tina sagala hal, sareng sadjaba tidiua.

Djisim koering hidji oerang Soenda, keur ngoembarn di Djawa tengah (Djokja) patjabakan dagang tina roepi-roepi Kunst (karadjinan asertos: Gambar-gambar wajang, tina batik, sareng tina piring taneuh, dasi batik, landschap, tempat roko (rooktel tina koeningan), roepi-roepi kipas tina koolit, roepi-roepi artja tina paroeng-goe, peso pangeureutan kertas noe

didmel tina koeningan, sareng seu-eur-seueur deui, malah merkna, toko oge Konsert Handel PAMANDANGAN.

Sadajana sakoer noe kasebat di loeheer eta woengkoel karadjinana (pagaweanana oerang Djawa) (Djokja).

Djadi djisim koering hidji oerang Soenda, ngearaos teu kinten koe hojong-nembongkeun karadjinana (kamadjoearana) oerang Soenda, sangkan sohor kawangikeun kamana-maua;

tina sagala hal karadjinana, ka getolanana, kapinteranana, oelah ngan Istrina bae noe sohor teh, Ja Allah,

djoeragan! Kasohorkeunana di Djokja mah, oerang Priangan teh (oerang Soenda) teu aja deui kadjaba ti Istri-

stri noe balangor, disangkana teh oepama aja Istri noe beres beras teu sanadjan noe bener oge, kadjeun teu-

ing Istri Kijai kadjeun Istri Prijaji singkana teh Istri ten poegoeh bue kito-h, doegi ka kitoe! Poen bodjo-

mah oepami kaloeir tirorompok, teu lesot tioeng da nja eta bilih aja pa-

njangka noe teu kantenan. Tjing soegan sareng spegan djoeragan-djoe-

ragu Bestuur Pasoendan soegan iasa

ngaichtiaran soepaja oelah ngahadja-

keun teuing Istri-Isri oerang Soenda

noe ngadalan ngabalangor ka tanah Djawa. Da teu kinten ugerakeunana teh.

Malikan deui tjarios noe di loeheer

tina hal kamadjoear. Rehna ajeuna di Djokja bade oja Jazmar, (Pasar malem ageung) lamina 10 dieton

waktosna dina sasih Augustus. Tjiiling ato-h tembongkeun karadjinana

kapinteran, kagetolan, kabisaan oerang

Soenda-teh. Sapertos: Tina roepi-

roepi tinoenan, anjaman, oekiran,

Handwerken, sareng sadjibina.

Soepaja leg di tembongkeun,

dina waktosna Jaarmark di Djogja.

Tah ieu kitoh karadjinana oerang

Soenda teh, tah ieu kitoh kadaekna,

kapinteran, kamadjoear oerang Soen-

da teh.

Koemargi eta djisim koering sang-

gem mangdjiedjeuhkeun (mangngoe-

roeskeun). Moeng; bilih bae oepami

angkat koe audjeun rada kn aboan

kangge ongkos ongkos Djisim koeri-

ng sanggeman uapi Commissie kala-

wan nganggo serat serat tanggelan

anoe tjekek. Dimana parantos boe

baran tina Jaarmark tangtos eta

barang-barang no lakoe di storkeun

artosna, noe teu lakoe distorkeun deui

barangna.

Oepami ieu seratan kinten-kinten

kamanah sse barempagkeun dem

ngangge djalan serut Post. Adres:

Kunst Handel Pamandungan Djokja-

karta. H-rmatna

E. Prawirastmadja

Djokja 25/4 1927

Pipiloeeu!

Moen teu lepat ngahadean atanapi ng-hoedang cultuur teh sabagian tina maksadna Pasoendan moeng djalanna teu disebatkeun, eta djadi tjiri jen djalanna mab koemaha bae asal djadi saena. Namoeng doegi ka ajeuna ditzlik-telik eta toedjeouan ngan djadi katjapangan bae, tatjan aja boeklina anoe ngadjadikuen goembira kana ati sanoebri. Tjiung atoeh iraba nonoman Pasoendan bade nembongkeun kapisoendaanana. Meureun seueur noe pimarksaen ka pribados: „Koe-maha atoeh nembongkeunana?“ Ah eta mab kantoon ngarup bae kana sampaen, kana salir, malah sapalih mab kedah ngerampa kana mastaka.

Naon noe dijanggo teh, boestan boetan mara, kenging saha? Hih, geuning moeng sanoer woengkoel kana

Pasoendan teh, cultuur djadi sabagian

toedjeouan P.-soendan teh, bet teu aja

toet-koerkeuneuna? Loh, irahis atoeh

nonoman pesoendan bade ngadegkeun

padjeg personel, teu bisa ngajakeun

padjeg kani'matan djeung rea-re

deui kekengingan kaom moeda tea

djeoeran! bener kaom koeno bodo

Perkara kaom koeno teu kedah di

hina² da djamanna baheula, ari ajeuna

djaman naajeuna djeung noe kahareun

eta beginan noe aranom, neangan

pikasenanganeuna, sse awon tang-

goenangana oelah sagala kaawonan

dibroegbroegkeun ka kaom koeno sa-

peri loba noe njarita, menak djaman

koeno mab sok sawenang-wenang

tjenah ari njaer poekel dalapan,

sampe poekel 11 nembe di parikaa,

taja rasrasanana ka noe mereko teh,

bener nja kitoe. Da ari anoe ajeuna

manek teh, sok darehdeh pisan

malah sok aja salah sabidji menak

<

loej-e, saperti lid kanoe djadi Voorzitter, aja anoe bahasa djoeragan Voorzitter, oge aja anoe njebat kangdjeng Voorzitter oge aja anoe njebat dijism koering sareng aja anoe njebat abdi goesti pikeun ka pribadina, tahlidie lamoen andjeun soeka tjing bekerkeun mana noe bener iet te 2 basa, saoepami ditetepkeun kangdjeng Voorzitter koemaha lebah noe djadi Voorzitter teh djoeragan patih apan taja noe njebat kandjeng Voorzitter, tapi djoeragan Voorzitter bae, tjing koemaha?

Hih poen Parigier, basa nje koedoe dibereskeun, koedoe bener, kapan tjeuk koering geuning di piloearan inani aja basa kieu: hajang ter ter ter bae koe kan jere badak kanoe wani make basa dijism koering kanoe djadi voorzitter. Tah kitoe koe koering anoe matak ditoelis di Sip malah mandar aja noe menerkeun mana noe leres na? Ari andjeun radjeun njebat lain menerkeun mana noe bener et 2 basa teh, ngan oekoer njebot „da eta Kisman-Kisman milihna goegoep toeroeg - toeroeg diboebarkeun. Ari tjeuk koering mah kiesman teh teu diboebarkeun Wondening bade ngoen-djoekkeun geschik awata ontgeschikna, masih keneh biga ajeuna oge, pek geura arcoendjoekan geura penta lepas oetoesanana moenggoeh koering mah aja daek tea dilepas teh, dan kapoengkoer oge daek soteh nja eta hese teu nohonan bisi kawaduhan.

Lain koering teu rek netepan kawaduhan ngan dina batin koering itoeng-itoeng noenggoean soempingna anoe pinter pigantieun koering djeung itoeng-itoeng ngalalanjanan da koering mah poegoeh roemas bodo, ngan hajang netepan kawaduhan moal lantja lentje sakoer noe geus kaherti, tapi teu boengah diseboet geschik teu soesah diseboet ongeschik koe-makarep noe njebot. Lahiran andjeun, sablonija praktijk soedah dapet Theorie, lah ieu basa boetohan busa batoer asa aneh, padahal di orang oge aja ieu teh, saperti ngoe-tjap sahadat teh eta 2 kalimah, nja eta ketjap lahir sareng ketjap batin, geuning tjeuk kolot „sememeh ngomong geus aja noe ngomong“ hartim ketjap lahir kasaksi koe rasana dalmi ketjap batin kasaksi koe pribadi, dijadi lamoen ketjap batin djeung lahir teu tjotjog, dijadi palseo sareoa bae sareng Theorie teu tjotjog sareng praktijkna, inoen aineiner mah matak bangkeroet, deui toelisan andjeun kieu „sing nremoet kane dawoehan Sri tadoeka Kandjeng Toean B-sar ajeuna „bojong rahajat pertjaja deui kana pamarentah“ Teh teh make aja basa deui, tjing terangkeun koe andjeun, naha enja rahajat teh geus teu pertjaja ku pamarentah, tjing naon tanda tundana djeung naon salub-sababna?

Djeung naha bener pamarentah geus teu diperljaja koe rahajat naon boekti boektinga djeung naou knujatanan?

Koo ingetan koering lahiran Kg. toeau Besar kitoe, kenging dioepami keun kieu, geuning oerang ari kuse-malih poegoeh dahareun deungeunna loba, tapi ari pokmali: Mangga toeang, nanging taja pisen pangiringna. Tah soegan kitoe ieu mah, tapi teu weleb koering kana pangeling-angeling andjeun ka koering, nja eta sing are moet kana kawaduhan eta leres sati-asa-tiase batoer noehoen.

H. Proewito.

N. B.

Lain mareboetkeun basa ngan ma-na anoe bener seperti make abdi goesti sareng dijism koering kauce dijadi poersiter, tapi inget sanes noedjoel ka Kangdjeng Dalem, kapan aja hidji perkara anoe beria dikawasakeun ka Kangdjeng Dalem koedoe dimo-pukteun di rad, dijadi tetela poersiter teh sanes Kangdjeng dalem.

Pirakoe djoeragan 2 taoen mareboetkeun basa mah, djeung naha make bingoeng??

Pilenggah djoerg. B. S.

tjalik di

T J I A M I S.

Noehoen, Gan, noehoen! Noehoen koe doea kos tilos dijism poen Oea teh, mani sesah geusan moelang twima.

Noehoen nomor kabidji. Djoeragan parantos kersa ugakemajakeun ngilo „in e u n a g a m p o e n“ sareng aja lahiran „ngeunati katjida“. Mengah keur dijism poen Oea mah, koe aja lahiran sakito oge, b ooo

parantos beurat njoehoen, beurat nanggoeng, beurat narimakeunana. Tjenah eta ngango diimplik-implikan „rada njentoeg“, djamat bae sakitoe mah, saperkawis sanes dihadja, kadoeana boeboehan bodo sapeau tja-rang sapakau tea.

Noehoen nomor kabidji. Eta, salira djoeragan teh koe gede kamelang, geuning kasaoerau teh „mangmelang-keun-bisi“. Jaktos, Gan, kedah kitoe, ari ka pada kawuela mah, da sanadjan henteu bro ti poen Oea oge punoekangga, tangtow dilantaran-keun koe noe sanes, da Toehau mah sipay Rachman Rachim tea.

Koe sok soemeieng soemoreang ka kantja teh, tangtow pikeun ka salira Agan djadi tawis deui, jen koe andjeun panoedjoe poen Oea mah.

Sawadina basa poen Oea anoe parantos dipisoemelaung tea, bade njoebenkeun ditangtajoengan deui, hajang hiroep hajang hoerip. Adatna, Gan, adatna, manoesa mah dipapariu sadjeungkal, bet hajang sadeupa.

Nomor katiloe noehoen, nja eta dina serat seratan salira Agan tea seueur-seueur pisan noe djadi pang-guning, piwedjang sareng piwoelang pikeun ka poen Oea anoe heueuh. Tjenah eta kateutu-ari anggoer matak njentoeg, atoeh keun bae sakitoe mah da koenoed dijadjar, soegan ka rajoen moal deui-deui. Ieu mah minangka dogdog pangraworgua bae, manawi katoeang mah.

Ja Alloh, Agan, laoetan hampoera Agan. Laoetan hampoera, noe kateda kasoehoen teh.

Pihatoer ieu noe di loehoer, mi-wangka boeboekana tjarita, niron-niron sukoemaha kasaoeraan Agan Jiu pangangkatua karangan kagoengan tea, noen.

Doepi ajeuna, minangkana mah, soemangga oerang ter zake, Gan.

Dawoehan Agan: „Moenggoehing di deuja mah seueur pisau roepa-roepa kadjadian anoe teu sapatos djeung karep oerang enz.“

Ateh kantenan bae, Gan, sanggem poen Oea teh, mapan boekti geuning aja ketjap: eselaja, pakia-kia, salah tampa, noe asih dijeloeng seigit enz. Ben atoeh djaga koemaha piroentoet-roekoeneunana, anoe baloe-boear di alam doenga teh, oepami saoemaha pamaksadan laksana mah.

Meureun poen Oea oge parantos koemaha nja kaajaan, moen sagala tinekuatan mah.

Dina pisanggem [poen Oea kapengkoer, anoe saer Agan matak ujentoeg tea: „Tapi ari kapala-k-pala noe sahanspeun enz.“] leu snoe dimaksad koe poen Oea teh, sanes sadajana oenggal-oenggal kapala kitoe, sanes Gan, sanes; eta mabu sakoer kapala anoe „teu noetoer-keun tapak-latjaka Kdj. Beaa ajeuna. Pirakoe Agan, ari saeojoenan teuing sareera mah, ari sageuq raos poen Oea oge, „Kapsala-kapala“ di dinia mah dina emoetaan ngan saoekoer pikeun ngabenteukeun enkelvoud sateng meervoer bae, teu bade ngaijeroen soelohkeun ngom-pet daoenkeun poen Oea mah. Naa see mah, timboel saena bae, entong (teu kedah) oenggoet kalindoe-an gedag kaanginan, malah poen Oea oge tgiring ngadoengakeun, sing woewoh-woewoh kanoeljaan kahormatan ari ka noe karite mah, geusan poen Oea ngiring nja-lind eng.

Bet ari Agan sok lepat sangka, make kagoengan roemas eta kalmah teh keunana ngan ka djrg-djrg, prijaji B. B. bae, sanes Gan, sanes. Koe ageung roemas ari Agan! Panoehoen poen Oea moegi salira Agan oleh tampi raos, ari henteu kgasir mah, kapan pisanggem oge, tgiring ngadoengakeun ari ka noe sae sapatos Agan mah, gede kamelang.

Pamaksadan poen Oea mah, koem dijadi hidji tina oenggal-oenggal golongan aja noe matak sgawoewoh kana katen-toemariwan, sanes zadatana, totob Gan, sanes.

Kitoe deui, sanes pikeun bangsa orang bae, naring sadajana bangsa.

Naha dina sadidinten djalan damel atanapi tjetjampoeran sareng bangsa sisug; Agan tara mendak ka-teu-raosan? Sageuj Gan! Bet koe moeija manah, ari Agan, moen teu ngaranapan ka-teu-raosan teh!

Noehoen atoeh, salasawios, peupeureihen poen Oea sok

kerep ngarasoela.

Moega-moega bae parantos dite-rangkeun koe poen Oea salira Agan elah roemas, tampil raos kalaadjeungan.

Oepari keukeuh djeung keukeuh bae Agan raos kasikoe, atoeh dalam dikoemaha, da sanes njampad noe

SARENG HOERMAT!

Sareng serat ieu dijism koering Hadji ABIMOEGNI AL-CHATAMI Goerte ngadj Sekola Agama Islam aja di katjamata Tarikolot, district Tjawi. Afdeeling Tasikualaja.

Oendjoek oeninga rehna dina sasih ieu Hapit ping 15 taoen 1927, ngamituan moeroek Sakola ngadj Agama Islam, anoe dingaranau Sakola „ASSOER-AH“ hartosa Sekola anoe langkoeng enggal, ditanggel tiasa ngadjid dilebet sataoen, sareng ditanggel tiasa moeroek margi ieu pangadjaran kenging metik ti Nagri MEKKAH waktos dijism koering ngadjid di Meckah, ditanggel ojekspin pikeun moeroek b-gbagian ibadah noe bangsa perdon sen, doe-pi pama-aranaa dina 1 sasih 1 moerid f 2,-. Ari atoe-rahna sakoeunha noe kasebat di handap ieu.

1. Di tarine moerid noe oemoerna 12 taoen kaloshoer, noe henteu keur Sakola Desa atawa sanes' sakola.

2. Nae bade diadjarkeun: 1. Emoe Pakih, 2 elmoes Oesel, 3 elmoes Nahwoe.

3. Nee tiloe roepi simoe di adjar dina kitabua sarta di l gatan koe logat Dj-wa, teras disoendakeun sakali disaksian koe elmoes Nahwoe, di tanggel akter sareng valadjaran uoe galio di Pasantren Pasantren, doepli kitab noe ke leh disadikeun koe Moerid-Moerid 1. Kitab Sapinah. 2 Ibrohim Badjoeri, 3. Adjroemish.

4. Doepli waktosna ngadjid kawit ti tsaboh 7 doegi kataboh 1 siang diadjar sabab diutek kajabi ti dinten Ahad, sareng malem Djem'ah di-adjar lagor-lagor arab, lagor Mesir goena pikeun ngadjid Q'erau atawa ngadjid Bardjandji.

5. Oepami Moerid anoe parantos sataoen hojeng ngadjid kitab noe arageung saertos: Pathoel wahab, Toephah, Milijah, Alpiyah, Djam'oel djawame, Dj-hara maknoen, Mat-tek, sareng hantang ti eta, eta koe dijism koering ditampi sarta viij hanteu nganggo pamajaran deui asal noe kloearan moerid ti tji-im koering bae, sarta goerona disadikeun dina tempat pangadjaran. 6. Nampi moerid saban sasih ngetangna sataboen ti waktos dongkapua moerid.

BOEKENVERZENDHUIS L. A. LEZER BANDOENG

NEMBE WEDAL:

CURSUS IN DE NEDEIRLANISCHE TAAL voor de Soendaneez (Cursus basa Walanda pikeun oerang Soenda)

Karangan
L. A. LEZER
djilid ka I.

Nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda noe gampil pisan, sia pikeun diantjar sorangan sareng anggoeun cursus atanapi sakola.

Paneros f 075, tranco di pos anteken f 1.10. Rembours tambih deui f 0.25.

Cursus sareng sakola kenging korting 15% oepami ngagaleub 15 buktoe atanapi langkoeng ti sakitoe.

TOEROEN PANGAOES.

Boekoe-boekoe pangadjaran WALANDA-SOENDA, anoe 3 djilid tea, ija eta Leerboek, Voorbeeldenboek sareng Woordenboek, ajeuna pangaosna disamikeun sareng noe kasebat di loehoer uja eto f 0.75 sadjiid atanapi f 2.25. tiloe djilid, djabi ti ongkos.

Doepli ongkosna eta 3 djilid stanco di pos f 0.40. Rembours tambih deui f 0.25.

MOTIE.

Separantosna djrg. Otto Soebarta biantara, noe verslagna noeng-toet dilebetkeun kana Sip, djrg. Moh Enoch ngahatoerkeun motie ka pasamoan, noe kadjabu ti ditawis koe andjeunna ditawis koe djrg. Darnakoesoemah, djrg. Sasstra Prawira sareng noe sanes, maksoedna nja eta:

Saperkara njoehoenkeun ka Pamarentah soepaja atoeran sluitpost koedoe noeroetkeun, sakoeun kaperloeanana oenggal-oenggal Raad kaboepaten; kadoea perkara soepaja plaatselijke Gouvernements sareng Provinciale bedrijven, dipasrahikeun ka Raad kaboepaten;

Katiloe perkara soepaja ledien college Gecommitteerde meunang zittinggeld (oeang doedoek) sakoeun kaperloeanana f 10,— sapot.

— 10 —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

EERDIPLOMA MEDALI
3 MAS.

— 10 —

Preanger Chemicalien

Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lainnya, Minceman, Seroetos, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncills, dan pekakas potret.

Nampi pimoerideun H. I. S.

Ti ajeuna noe bade ngalabetekeun poetran ka H. I. S. Paoendan, tiasa ditampi endjing taboeh 9, pasisiang taboeh 11 di H. I. S. Paoendan di Kebon Tiwoe. Kapala Sakola.

KLIROE SEKALI.

Kloe Toeau-toeau tida ratara toeroet goembira boeat mengadukun nista besar, pada nanti hari Septo ddo 30 April 1927, wakoe peringatan hari lahir dan Julian di Nederland.

Boeat menjataken kagoembiranja orang-orang jang soeda dewasa dan anak-anak, tida ada lain djalan jang sampoerna, kita sengadja soeda kasi dateng roepa-roepa kembang api (vuurwerk) dari Fabriek Lauw Kang Boen di Batavia, jang soeda bebrapa kali dapat medali mas di pasar gambir, dan roepa-roepa petasan jang bagoes srenta ujaring swaranja.

Boeat toeroet menjataken goembira, boekan sadja kaoem soedagar, jang paling teretama Toeau-toeau Meester sekola jang dapat subsidie dari Gouvernement dan Toeau-toeau Priaji jang masih pegang dienst.

Dari sebab banjak jang bakal toeroet menjataken girang adau-keun pesto, kita barep Toeau-soeka lekas dateng di kita poenja toko, soepaja diblakang hari dangan sampe menjesel.

Memoedijken dengen hormat
YO TEK SENG.

Toko KHOUW SIAUW SENG
(Toko BENC).

Sajagi kareta Mesin Merk SIMPLEX sareng Merk Europa (England).

Sajagi Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, Goodrich harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS

ka Garoet djam 7 endjing ka Koeningen djam 7 endjing ka Karangnoenggal djam 7 endjing ka Bandjar djam 7 endjing sareng djam 12 endjing.

Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, aperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora rowa keneh roepa-roepa kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas aja noe nganggo letter A. t/m Z. Monogram.

Stopless noe nganggo djing-djungan Winkefleisch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, noe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sajaja ti eta,

Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe prantos mashoor kasaenana, sareng kakatanana, mark Winsester, Evridi sareng tjp blintang, sajagi batrena, boglofma roepi-roepi oekoran.

Sareng prantos sajagi, Windbuchs (bedil angin) Merk B. S. A, Caliber 4 1/

sae, tapi pikeun ngageuning ka noe teu pautes. Moen rek teu raraosenn oge noe karagoengen hal, saunes salira Agan, anoe teu k.tjiwit.

Doeipi eta palebah "Bangsa sorangan ten atjan . . .". Tangtos pisan maksoedna teh-sante njeboetkeun jen ngan oerang pribomeni bae noe kitoe teh, nanging sedjen bangsa oge samei bae, ngan ari pikeun ieu mah, eta aja pirasauuan: "pantes bae rek kitoe, rek kieu oge da asast lain koelit daki sorangan"; verzachende omstandigheden di-ditoena mah, piuosh koe pantes djeung mendjeuh-na.

Gan, pirakoe, sageuj martabat oerang, ari sarewu teuing mah sah-dapeun battoer, kapan kitos geulis tjeuk poen Oea . . . oge.

"Gij verstaat de kuist . . ." sauer djrig, teh.

Ari pisanggem djisim poen Oea . . . "atueh noeboen", namoeng da saunes kenging ogareengga-renggi estoening gambarca hate anoe sabalakana. Agan mah tangtos "kunstenaar".

Kiteo deui djisim poen Oea . . . mirane goembira pisan matja dina pielebah "Hal njempad sangkan djadi hadena atawa ngageuning, eta kawad-jit an oerang sarewu." Djadi poen Oea parantos netepan kana papakem Agan, tjenah eta baloekarna teu sapagodos, lantaran poen Oea . . . teu terang dikunstua njempad (kasaoeran djrg.), noe hajang ditoeroet koe noe disiboot sasab koe poen Oea . . . tea, salih tampa bae eta mah. Kateroeg-toeroeg diemoet-emoet dongkap ka ajeuna koemaha pidjaaneuna-na ngageuning koe noe sok ngalanta-rankeun kana ka-teu-toemarimaan teh, weleh teu kaemoet hae.

Naha kedah koe "Ki Autep" atawa dianterun koe pamoejadi, kitoe !?

Tjing atoeb djrg.-djrg., anoe oeninga kunstna ngageuning noe kitoe, kersa marasihun tjonto; kahajang teh !

Saha-saha noe teu raos koe pang-geuning noe pantar kitoe, tangtos aja kapalajna parageuning noe sanes. Noe koemaha, Gan ?

Tjenah eta, engke poen Oea . . . bisi kahawa-hawa, tjra noe koe Agan diibaratkeun boedak misah noe getet; hisse ari Agan, Oea . . . mah da parantos aja oemper. aja ngatjir hae, moal bet ugadeukeutan anoe koerang sehat pamilihun, dilawanun milih karo karo gelo Kutampa katarima koe sakitoe noeboen, eta noe dipilar, henteu mah mangsa bodo, da moal karasa koe battoer, ieuuh baloekarna ari njieun salah mah.

Karangan djisim poen Oea . . . noe mawi dilebetkeun kana Sip. oge koe djrg. Redaktoer, teu aja lian scepata dibatya koe djimali loha. Dina ajana noe sabongbrong ng-hartikeun jen eta teh disangka keuna kaua hidji golongan bae, dalah dikeunmaha, bet ugeunteukun gampang-gampang teuing tjara noe salienk beh atawa djoj gol hae, da ari Oea . . . mah henteu kitoe, tapi koem djadi hidji ngan lain sarewu.

Ari koe raraosenn poen Oea . . . mah parantos ati-ati naker njeraf "meunang ampoen" teh, nepi ka teu tiessa deui leuwih ti kitoe, henteu pisar bade njabit njabit ka noe teu toea teu dosa atawa ka noe sikrik melik, gede roemaha, estoe ngagam-bar anoe ilahar.

Sakali deui nja panehoen ka noe sabongbrong, cepami henteu kagasir mah moegi celah tampi raos, sarta koe ngaraih aja kaledpatanana moegi ari rido manuh kersa ugadugdoen kaledpatanana.

Doepi, poen Oea . . . niah Agan, henteu sioun laleupas-deui anoe parantos kenging ngueupan mah, da korangua wentuh sareng tohaga, moeng pikeun laeok noe ujarah mah keun hae moal dioedeg-oetar, atawa hantem dieupanan bae, koerik dialeka eupan, engke oge dimana geus limpeu, dipegit ti ditoe ti dieu, meureun hideng koe maneh.

Bet ari Agan make ngadawoeh-keun djisim poen Oea . . . roesoh ngahoei kamajoengkeun, kawas anoe teu oeninga bae, manus-mana anoe kitoe tabeanan teu kaopan, tjegekan, tangtos koe Agan oge disebat tjara "boei kamajoeng". Margi Oea . . . mah teu ngahoei kamajoengkeun ka noe sebat, da ngan ka noe teu pajauh dilawan bener.

Pirakoe Agan atoeb, da poen Oea . . . oge gadeoh emoten sakitoe-kitoe bae mah, moal gana-gana ari teu aja galangtua ti ditoena mah.

Doeipi panocetoep pihatoer djisim

poen Oea . . . mah, moal koe tjoetatan tina "politiekids", murgi sisip tea moeng koe panoencehoen bae, moegi salira Agan egeung tjoekoep loemoer, bobot pangajon timbang taradjoe dina kieu talingeuh poen Oea . . . , parantos tjoemenoen njanggakeun katranguan anoe sakieu niestaua, loemaju aoseun rentjang rentjang di boemii noen.

Kairing koe hoermat tilawatna poen
Oea Nany.

KABAR

(Tina a. k. Sanes)

Doktor Soetomo nolak djadi lid Volksraad. Noe dibencem ngaganti Dr. Soetomo nja eta Moesni Moehamad Tamrin ti Pagoejoban, "Kaoem Beta-wi".

Noe dibenoem gagantina Tjokro Aminoto nja eta Soetadi Hoofredacteur s.k. Darsono Kondo di Solo,

Kijai Ageng Tjaringin gode peng-harepan bakal terch meunang ka Banten deui.

Di Tandjoeng Parioek aja angin topan leutik. Heteupna kantorpost djeung adegan-adegan noe sedjen aja noe roeksa.

Toean Poelisi komisaris Noordhoorn di Batawi teempak motor diadoe djeung hidji suoeloej motorna na-radjang giliinding bareup mobil Kg. Dalem Tasikmalaja. Toean Noordhoorn dibawa ka roemah sakit Carolus.

Hoofdbestuur P. S. I. rek ngajakun algemeene vergadering loear bissa di Djigia pikeun ngabdamikeun perkarana H. Agoes Salim. Koe lantaran poeotosanana Ju.y. goreng keur andjeunna (H. A. Salim), rek diwempoekeun naha H. A. Salim bakal tetep atawa henteu djadiu Vice President P. S. I.

Elfsl Manilla di Batawi eleh koe Club O. I. v. i. o. O. I. v. i. o. meunang 4-2.

Senen 16 Mei Volksraad diboeka koe G. G. Dina pamoeaka tjaris koe Toean Besar disebatkenen jen diua ta-hoon 1928 opceuten padjeg pangasilan bakal ditoeroenkena tina 24%, kana 21% Padjeg venootschap tina 20% djadi 17 1/2%. Beuteunungan Pama-rent-h bakal ngoerangan f 21/2 joeta.

Tarif pagadean bakal dirobat. Pa-marentah bakal ngoerangan nampa f 2,7 joeta.

Lid Raad Indie bakal ditambah does koe oerang Priboemi.

Voorzitter Volksraad njerios jen pikeun ngamadjoekeun atoeran paparentah di Hindia Volksraad koedoe bisa habarengan digawe djeung Pa-marentah.

Volksraad teh tatjan djadi oetoesan rahajat saenjana. Koedoe noeroetan noe enggeus kadjadjan digawe sosos-sosan pikeun kamajoeanana tanah Hindia noe sakieu aloe-na.

R. M. Koesoema Joedo dipilih djadi wakil voorzitter nomer hidji. Doeipi djadi wakil voorzitter nomer does oja eta Toean De Hoog.

Bank Taiwan di Djepang kasosahan, lantaran djelema - djelema noe neundeen doit deposito di eta bank menta doeitsa dipolangkeun.

Bank Taiwan menta perseket ka Bank Djepang 10 jnta Jen (1 Jen = f 1,25) tapi henteu dibere, lantaran noeroetkeun wet anjar Bank Djepang teu meunang mere perseket ka Bank Taiwan djelema-djelema noe rek njo-kot doit tjengtjelengana.

Bandir waloeengan Mississippi di Amerika sarikat beuki gede bae. Sisi waloeengan raroekak. Katoesan rebos Hectare tanah noe kabandjiran. Djelema-djelema laloempatan kana soe-boenan soepaah celah tituleum. Rea djelema boedak kolot noe kalaparan. Comite gens meunang doit 11.500.000 dollar pikeun uosoeng noe katjilakan. Djoeblash djambileh karoegian tjeuk Minister Hoover aja ± 250 joeta

dollar (1 dollar = f 2,50).

Di Bandoeng katangkep rasiahaa doe pajeboeban baruedak Walanda Totok djeung Walanda Indo noe maksoedna rek malingan kareta mesin. Noe geus ditangkep ajeuna aja 10 boedak.

Noe kapilih djaei lid college Gedde-geerdan Volksraad nja eta: Mr. H. 's Jacob, Pangeran Koesoemo Joedo, F. H. de Hoog, H. H. Kan, C. H. M. H. Kies, P. A. Mandagie, Mr. A. A. Blauw, B. Roep, Mr. R. A. A. Fruin, Tjokorda Soekawati, R. A. A. Achmad Djajadinigrat, A. A. Koesoemo Octojo, Dr. Ali Moesa, R. A. A. Soejono H. O. Kerckamp, Mr. C. C. van Heesdingen, M. Wadruw Widjosewoyo, A. A. Pauw, Dr. J. I. J. M. Schmutzer djeung J. Stokvis.

Tuju 20 aja 8 lid bangsa Priboe-mi.

Bedjana kaom orang (ondernemers-rand rek ngaloeakun soerat kabar p. éan di Batawi. Modalna f 600.000 Noe djadi Hoofdredacteurna Toean J. Veersema. Tatjan manggih pidire-toereun noe tjakep.

Noeroetkeun maksoedna Dr. Soekiman di Solo, di Bandoeng rek diajakun Congres sakabeh leider-leider pergorakan politiek B. semi Poerwa.

(Indische-Courant)

Itoe, jaitoe karena kependaan-annja pendoedoekna. Inilah maksoed kami. Akan mentjapai maksoed iri, karni mengadakan kesempatan boeat siapa sadja jang membajar f 2,- seboelan, dapat belajar Bahasa Belanda dengan Cursus ditoelis tiaptiap ming-goe sebeuh pengadjaran.

Kirimlah f 2,- dan dengan lekas kami noelai mengadjar.

Bahasa Belanda f 2,- seboelan

Hot Algemeen Onderwijs Bureau

Naripan 90

BANDOENG.

Toko en Drukkerij Pasoendan Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pa-

ngadjaran sakola sakola sareng aasan sepeuh anom.

Nemte medal wawatjan Ang-

ling darma f 1.75

Ww. Sadjarah K. N. Moehamad

(ngamanah 10, ongkos vrj) f 0,25

Goegoeritan sakola f 0,06

Neng Hajani f 0,50

Paririmbun sepoeh f 0,15

Batararama 3 djilid f 1,50

Djabi ongkos ngintoenkeun.

Toko en Drukkerij Pasoendan

Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pa-

ngadjaran sakola sakola sareng aasan sepeuh anom.

Nemte medal wawatjan Ang-

ling darma f 1.75

Ww. Sadjarah K. N. Moehamad

(ngamanah 10, ongkos vrj) f 0,25

Goegoeritan sakola f 0,06

Neng Hajani f 0,50

Paririmbun sepoeh f 0,15

Batararama 3 djilid f 1,50

Djabi ongkos ngintoenkeun.

Toko en Drukkerij Pasoendan

Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pa-

ngadjaran sakola sakola sareng aasan sepeuh anom.

Nemte medal wawatjan Ang-

ling darma f 1.75

Ww. Sadjarah K. N. Moehamad

(ngamanah 10, ongkos vrj) f 0,25

Goegoeritan sakola f 0,06

Neng Hajani f 0,50

Paririmbun sepoeh f 0,15

Batararama 3 djilid f 1,50

Djabi ongkos ngintoenkeun.

Toko en Drukkerij Pasoendan

Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pa-

ngadjaran sakola sakola sareng aasan sepeuh anom.

Nemte medal wawatjan Ang-

ling darma f 1.75

Ww. Sadjarah K. N. Moehamad

(ngamanah 10, ongkos vrj) f 0,25

Goegoeritan sakola f 0,06

Neng Hajani f 0,50

Paririmbun sepoeh f 0,15

Batararama 3 djilid f 1,50

Djabi ongkos ngintoenkeun.

Toko en Drukkerij Pasoendan

Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pa-

ngadjaran sakola sakola sareng aasan sepeuh anom.

Nemte medal wawatjan Ang-

ling darma f 1.75

Ww. Sadjarah K. N. Moehamad

(ngamanah 10, ongkos vrj) f 0,25

Goegoeritan sakola f 0,06

Neng Hajani f 0,50

Paririmbun sepoeh f 0,15

Batararama 3 djilid f 1,50

Djabi ongkos ngintoenkeun.

Toko en Drukkerij Pasoendan

Tasikmalaja.

Ngitjal